

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Genre carita pondok (carpon) Sunda, munculna di lingkungan masarakat Sunda téh lantaran pangaruh modérnitas. Éta modérnitas téh pangpangna mah diwanohkeun ku bangsa Barat ngaliwatan kolonialisme. Dina kontéks Indonésia, pangaruh modérnitas téh diwanohkeun ku kolonialisme Walanda. Ku hal éta, maluruh généalogi carita pondok Sunda kudu dimimitian ku maluruh aspék-aspék modérnitas minangka kasang jeung kontéksna.

Faktor penting tina aspék modérnitas anu gedé pangaruhna kana munculna carpon Sunda nyaéta kagiatan literasi modérn anu ditandaan ku munculna *print literacy* (budaya cetak). Di lingkungan masarakat Sunda, *print literacy* mimiti muncul dina abad ka-19. Saméméhna budaya literasi urang Sunda réa diwujudkeun dina wangun manuskrip. Ku munculna kagiatan percetakan di Hindia Walanda wawacan, dongéng, jeung bacaan séjénna mimiti dicitak dina wangun buku.

Kagiatan lietarsi modérn lain baé ngarobah wangun-wangun tulisan, tapi ogé ngarobah pikiran. Gagasan-gagasan modérnitas anu jolna ti Barat sarta disebarkeun ngaliwatan kolonialisme milu mangaruhan pikiran-pikiran masarakat pribumi. Hal éta upamana dibuktikeun ku munculna élit-élite pribumi nu nyawang pikiran Barat jadi jalan pikeun kamajuan.

Kegiatan literasi modern beuki subur sanggeus pamaréntah kolonial ngaluarkeun kawijakan dina widang pendidikan keur masarakat pribumi. Buku-buku bacaan dicitak rébuan éksemplar, didistribusikeun, jeung dijadikeun bacaan wajib barudak sakola. Gerakan Politik Étis anu muncul dina awal abad ka-20, milu nyuburkeun kegiatan literasi jeung pendidikan modern di Hindia Walanda, sarta nyiptakeun generasi anyar masarakat pribumi anu melék sakola.

Hal anu teu kurang pentingna dina ngadukung kegiatan literasi modern nyaéta peran lembaga-lembaga penerbitan kolonial anu muka jalan pikeun élit jeung intelektual pribumi milu aub dina kegiatan literasi modern. Bacaan-bacaan anu awalna disadur atawa diterjemahkeun tina buku-buku Éropa, mimiti dieuyeuban ku bacaan anu pituin dikarang ku masarakat pribumi.

Tina péspéktif ulikan postkolonial, kontak antara masarakat nu ngajajah (*colonizer*) jeung nu dijajah (*colonized*) dina kontéks saperti kitu téh umumna ngahasilkeun rupa-rupa akibat. Di antarana nimbulkeun hibriditas, mimikri, jeung ambivalénsi dina ranah budaya. Tegesna, modérnitas anu dibawa ku bangsa kolonial téh diserep, diolah, sarta antukna dipilih keur nyorang jalan anu mandiri.

Munculna genre carpon Sunda ogé aya dina kontéks sarupa kitu. Carita-carita anu diterjemahkeun ti Barat, ogé carita anu ditulis tina khaéanah carita lokal, ngawujudkeun transkultural bari teu leupas tina désain nu diwangun ku bangsa kolonial. Wangun, pola, jeung gagasanana sawaréh ditiru jeung dimodifikasi, nepi ka ngahasilkeun konfigurasi anyar sarta ngawujudkeun genre-genre kasastraan anyar.

Hasil analisis data ieu panalungtikan ngabuktikeun yén wangun, pola, jeung gagasan carita ti Éropa réa ditiru ku sawatara pangarang lokal, sarta gedé pangaruhna dina ngalahirkeun génré sastra anyar di lingkungan masarakat Sunda. Wangun carpon Sunda anu saéstuna geus aya ti ahir abad ka-19 kénéh, ogé lahir tina prosés saperti kitu.

Awalna, dongéng jeung carita-carita pondok ti Éropa ditarjamahkeun jeung dibukukeun ku pangarang lokal. Dongéng-dongéng Sunda nu nyebar sacara lisan ogé mimiti dikumpulkeun jeung dibukukeun ku bangsa kolonial. Antukna ngawujudkeun transkultural. Sawaréh ditulis maké wangun prosa minangka pangaruh barat, sawaréh ditulis dina dangding minangka pangaruh lokal.

Prosés sarupa kitu téh lumangsung ti pertengahan abad ka-19 nepi ka awal abad ka-20. Karangan-karangan anu ditulis jeung dikumpulkeun ku R.H. Moehamad Moesa, R.A. Lasmi Ningrat, Grashuis, jeung Gelder ngabuktikeun ayana galagat samodél kitu. Kadieunakeun, pangarang-pangarang ngalakukeun mimikri (niru-niru), sarta antukna ngahasilkeun karangan-karangan nu némbongkeun ciri ambivalénsi (bingbang antara dua posisi), sakumaha anu kapanggih dina karya para pangarang awal abad ka-20.

Lamun ahirna wangun prosa anu dipilih, éta gé teu bisa dipisahkeun tina kawijakan pamaréntah kolonial Walanda anu dirojong ku élit pribumi keur rupa-rupa alesan. Prosa dianggap leuwih éféktif batan wangun-wangun tradisional. Tapi wangun-wangun tradisional samodél dangding tuluy dipiara minangka sikep ambivalén ti masarakat jajahan. Munasabah, nepi ka taun 1940-an, konsépsi carita

pondok Sunda tetep ambigu, antara kudu milih wangun prosa jeung puisi (dangding).

Ieu hasil panalungtikan ogé ngabuktikeun yén saenyana ti ahir abad ka-19 geus aya carita anu wangunna geus bisa disebut minangka carita pondok dina konsépna anu modérn. Ku hal éta, klaim-klaim para kritikus sabada kamerdékaan anu nyebutkeun yén pangarang-pangarang carita nu nulis di majalah *Parahiangan* taun 1930-an minangka anu ngaluluguan lahirna carita pondok kudu ditolak. Kitu deui klaim anu nyebutkeun yén buku kumpulan carita *Dogdog Pangréwong* anu dikarang ku G.S. taun 1930 minangka tonggak lahirna carita pondok Sunda kudu dikoreksi.

Tina déskripsi hasil panalungtikan, saéstuna anu kudu diperenahkeun minangka pangarang nu ngaluluguan lahirna carita pondok téh nyaéta R.H. Moehammad Moesa anu nulis carita “Santri Gagal” jeung “Hibat” taun 1881 nu karyana dipidangkeun dina buku *Soendanesche Bloemlezing* susunan G.J. Grashuis keur kapentingan Indologi di Walanda.

Carita-carita pondok dina majalah *Prahiangan* leuwih merenah disebut minangka bagian tina prosés métamorfosis carita pondok Sunda nu mekar dina jaman kolonial. Kitu deui carita-carita anu dikarang ku G.S. dina buku *Dogdog Pangréwong* minangka hasil kréativitas nu nuluykeun jeung ngaropéa tradisi nu geus hirup saméméhna. Minangka punjulna, buku *Dogdog Pangréwong* mémang kudu diaku minangka buku kumpulan carita pondok Sunda anu munggaran dina kontéks sajarah kasusastraan Sunda modérn.

## 5.2 Saran

Hasil ieu panalungtikan copelna mibanda dua implikasi. Implikasi *kahiji*, ieu panalungtikan bisa dijadikeun tatapakan keur panalungtikan satuluyna pikeun maluruh rupaning aspék nu can kagali. Upamana baé, ieu panalungtikan manggihan kanyataan yén saenyana akar jeung asal-usul lahirna carpon Sunda salian dipangaruhan ku gaya Barat ogé kentel pisan dipangaruhan ku bentuk dongéng, sakumaha anu réa kapanggih dina karya G.S. jeung pangarang lianna, minangka gejala hibriditas. Tapi, kumaha transformasina, polana, jeung hasilna perlu kénéh ditalungtik kalawan daria. Ku hal éta disarankeun aya panalungtikan satuluyna pikeun maluruh prosés transformasi bentuk dongéng kana carita pondok Sunda dina konsépna anu modérn.

Implikasi kadua, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan keur ngoréksi sajarah carpon Sunda anu diklaim ku para kritikus muncul sabada medalna majalah *parahiangan* (1929). Ieu klaim téh umumna diheueuhan ku masarakat sarta tuluy diajarkeun ka barudak sakola dina pangajaran sastra. Kanyataanana, bentuk-bentuk carpon Sunda geus ditulis ti ahir abad ka-19 kénéh sanajan konsépsina can pati jinek. Ku sabab kitu, sajarah carpon Sunda kudu dikoréksi luyu jeung fakta-fakta sajarah anu nyampak.